# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने गोरखपुर दौरा के दुसरका दिन्ने आजु कई गो कार्यक्रमन में सामिल भइलें। उहां के गोरखपुर महानगर के असुरन चौक पर लोकनायक जय प्रकाश नारायण के मुरती क अनावरण कइलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि लोकनायक जय प्रकाश नारायण राष्ट्रपिता महात्मा गांधी क सच्चा अनुयायी रहलें। उहां के भारत अउर भारतीयता बदे आ ओह जीवन मूल्यन खातिर आपन जिनगी आगे बढ़वलीं जेह पर भारत क मजबूत नेइ टिकलि हौ।

मुख्यमंत्री छब्बीसवीं वाहिनी पीएसी परिसर में इग्यारह मंजिला बैरक टॉवर क लोकारपणो कइलें। एहसे पहिले गोरखपुर अउर बस्ती मण्डल के जनप्रतिनिधि आ सीनियर अधिकारियन के साथे मुख्यमंत्री गोरखपुर के एनेक्सी भवन सभागार में समीक्षा बइठकी कइलें। बइठकी के दौरान उहां के दुन्नो मण्डल के सज्जो सड़कि निरमाण परियोजनन पर प्रस्तावन क समीक्षा कइलीं। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि जनप्रतिनिधि लोगिन के प्रस्ताव पर सड़किनि क निरमाण तेजी से कइल जाए। उहां के धरमस्थल अउर पर्यटन विकास के रोड कनेक्टिविटियो से जोड़ले पर खास जोर दिहलीं अउर कहलीं कि नगरीय क्षेत्र के सड़किनि क विकास सीएम ग्रिड योजना के तहत होखे के चाही। मुख्यमंत्री अधिकारियन से कहलें कि बाढ़ि परभावित इलाकन में सड़कि बनावे बदे आपदा राहत निधियो क उपयोग कइ सके लें।

**********

एहसे पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन कइ के करीब दुइ सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। येह दौरान उहां के लोगिन से कहलीं कि सरकार केहू के साथे अन्याय नाहीं होखे देई। हर मनई के समेस्या क पुरहर परदर्सिता अउर निस्पक्षता के साथे समाधान सुनिस्चित कइल जाई। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेसित कइलें कि ऊ पीड़ितन के साथे संवेदनसीलता से पेस आवें।

**********

बिहार मतदाता सूची संसोधन आ अउरियो मुद्दन पर बिपक्ष के हंगामा के नाते संसद में लगतारे चउथो दिन्ने गतिरोध जारी रहल। हंगामा के नाते लोकसभा क कार्यवाही दिन भर खातिर स्थगित कइ दीहल गइल। एहसे पहिले लोकसभा अध्यक्ष ओम विरला आजु भिन्नहीं बिपक्ष से प्रस्नकाल सुरू कइले में सहजोग क अपीलि कइलें। उहां के सदन में ब्यौधान डारे अउर तक्थी देखवले पर चिंता जतवलीं आ बिपक्षी सदस्यन से अपने सीटि पर वापिस गइले क निहोरो कइलीं।

***पुनः आपसे आग्रह करता हूं कि लोगों की अपेक्षा, आकांक्षा उठाने के लिए तखतियां लेकर मेजें तोड़ने के लिए नहीं भेजा है। आप अपने–अपने आसन पर जाएं। प्रश्नकाल के बाद नियमों के तहत आपको हर मुद्दे विषय पर बोलने दिया जाएगा।***

**********

प्रदेस के प्राथमिक स्कूलन के विलय मामिला में इलाहाबाद उच्च न्यायालय क लखनऊ खण्डपीठि सीतापुर के स्कूलन के विलय पर आजु यथास्थिति बरकरार रखले क आदेस दिहलस। मुख्य न्यायाधीस अरूण भंसाली क अध्यक्षता वाली डिवीजन बेंच बिसेस अपीलि पर सुनवाई करत ई आदेस जारी कइले हौ। न्यायालय एक्कइस अगस्त के मामलि के सुनवाई क अगिला तारीख तय कइले बा।

**********

प्रदेस क जलसक्ति मंत्री स्वतंत्र देव सिंह आजु अजोध्या पहुंचलें। प्रभु श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइले के बादे मीडिया से बतियावत में उहां के कहलीं कि प्रदेस में बाढ़ि के मामिला में हालति अबहिन सामान्य हौ।

***उत्तर प्रदेश में इस समय हमारे सामने चुनौती रहती थी बाढ़ की लेकिन पिछले साल तो जुलाई के महीने में भयंकर बाढ़ आ गयी। इस बार शान्ति है बाढ़ अभी कहीं ऐसे स्थानों पे नही है लोकल बरसात के कारण चित्रकूट में मंदाकिनी में कुछ घंटो के लिए बाढ़ आया था आठ–दस घंटे के लिए पानी आया था फिर उसके बाद नुकसान करते हुए निकल गया था।***

जलसक्ति मंत्री बतवलें कि प्रदेस में येह समय विभाग क तीनि सौ अड़तालीस परियोजना चलि रहलि हईन। एहमें से करीब दुइ सौ पचास परियोजना पूरा हो चुकल हईन अउर बाकी पूरा होखे वाली हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आवे वाला सत्ताइस जुलाई के आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ चउबीसवीं कड़ी होई। आकाशवाणी अउर दूरदर्शन क सगरो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार क वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर ई कार्यक्रम सोझै प्रसारित होई।

**********

अजोध्या में प्राचीन मणि पर्वत मेला अउर सावन क तिसरका सोम्मार के ले के राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या सत्ताइस पर होखे वाला राहि में बदलाव खाली भारी गाड़ियन पर लागू होई। अजोध्या क एसपी ट्रैफिक बतवलें कि छोटहन गाड़ियन के येह बदलाव के परभाव से मुक्त रक्खल गइल हौ। अजोध्या क प्राचीन मणि पर्वत मेला आवे वाला ओन्तीस जुलाई से सुरू हो रहल बा, जवन सावन के आखिरी दिन्ने पुन्नमासी के पूरा होई।

**********